



Communities
Connected
for Kids


MANYÈL KONSOMATÈ

Manyèl sa a fèt pou ba w yon konpreyansyon klè sou sa ou dwe atann nan men Community Connected for Kids pandan ou menm ak fanmi w ap kontinye atravè pwosesis depandans lan.



TAB MATYÈ

Enfòmasyon Kontak.....	1
Misyon, Vizyon, ak Valè.....	2
Dwa w ak Responsablite w.....	3
Kominote Konekte pou Dwa Timoun ak Responsablite yo.....	5
Asistans nan Kominikasyon.....	7
Konfidansyalite Enfòmasyon Kliyan.....	9
Avi Sou reg Konfidansyalite.....	11
Enfòmasyon Sante Pwoteje Konnen Dwa W..	13
Pwosedi Plent Konsomatè.....	15
Sipò Sou Wout La.....	18



KONTAK

ENFÒMASYON

Ofis Administratif:
549 NW Lake Whitney PL, Ste. 204
Port St. Lucie, FL 34986

(772) 873-7800
www.cckids.net

LÈ SÈVIS YO

Lè ofis ouvè yo se 8 a.m. pou 5 p.m.,
De Lendi a Vandredi


Sou Apèl

Konty Martin
(772) 631-3868

Konty St. Lucie
1 (800) 431-7513

Konty Indian River
(772) 321-3044

Konty Okeechobee
(863)697-1966



VIZYON, MISYON & VALÈ

Misyon

Misyon nou se amelyore sekirite, pèmanans ak byennèt pou tout timoun nan Okeechobee ak Treasure Coast atravè yon rezo kominotè sèvis sipò pou fanmi.


Vizyon

Vizyon nou se elimine abi, neglijan ak abandon nan Okeechobee ak Treasure Coast la pou tout timoun grandi nan tout potansyèl yo.

Valè

Nou asire ke sèvis nou bay yo:

- Endividalize dapre fòs ak bezwen fanmi nou sèvi yo.
- Respè & ki sansib a kilti a
- Efektif e responsab
- Baze sou prèv ak done analitik
- Konsantrasyon sou pèmanans
- Jesyon pou asire responsablité finansyè.



DWA W & RESPONSABLITE W

Ou gen dwa ak responsablite sa yo pandan wap travay ak Communities Connected for Kids (CCKids) oswa ak nenpòt nan ajans founisè nou yo. Tanpri li dwa ak responsablite konsomatè sa yo epi pran tan sa a pou poze kesyon. Lè w asire ke ou konprann dwa ak responsablite w yo, tanpri siyen fòm ki nan paj dèyè ti liv sa a pou fè konnen ou te resevwa manyèl nou an.

Dwa W

- Ou gen dwa pou yo trete w avèk koutwazi, diyite ak respè san regadans pou ras, relijyon, laj oswa andikap.
- Ou gen dwa pou konprann sèvis ou resevwa yo ak disponiblite sèvis sa yo.
- Ou gen dwa pou resevwa bon sèvis nan yon fason pwofesyonèl e alè.
- Ou gen dwa pou resevwa sèvis nan men anplwaye ki ap respekte tout lwa ki pwoteje ou menm ak fanmi w kont abi, neglijan ak eksplwatasyon.
- Ou gen dwa a konfidansyalite ak vi prive w nan limit lalwa, epi pou bay konsantman w anvan pou yo bay enfòmasyon a yon lòt ajans oswa yon lòt moun ki andeyò CCKids.
- Ou gen dwa pou konnen ke Konseyè sou Akreditasyon, Depatman Timoun ak Fanmi (Council on Accreditation, Department of

Children and Families) ak lòt ajans siveyans ka revize dosye w la pou kalite ak konfòmite.

- Ou gen dwa pou ede bati e revize plan ka w la e dwa pou ranje horè pou reyinyon yo bezwen pou asiste yo.
- Ou gen dwa pou refize sèvis, sof si tribinal la limite dwa w, epi pou yo enfòme w sou ki sa ki pral rive si w refize.
- Finalman, ou gen dwa pou depoze yon plent apre pwosedi doleyans ki endike nan paj 16-17 nan manyèl sa a.

Responsablite w

- Se responsablite w pou bay CCKids enfòmasyon onèt konsènan ka w la. Yon patnarya onèt ap akselere plan ka w la epi ap asire ke ou resevwa pi bon sèvis pou sitiyasyon fanmi w.
- Se responsablite w pou travay kole sere ak manadjè ka w la pou reyalize tout objektif sèvis nan ka w la key o te dakò bay epi pou kominike nenpòt baryè wap rankontre.
- Ou dwe respekte vi prive ak konfidansyalite lòt moun kap resevwa sèvis CCKids yo tou.
- Yo atan yo ke ou konpòte w yon fason ki pa menasan oswa mete yon lòt moun an danje. Si ou pa fè sa, sa ka lakòz chanjman fèt nan fason nou ap ba w sèvis yo

DWA AK RESPONSABLITE NOU

Communities Connected for Kids gen yon responsablite anvè ou menm ak fanmi w nou gen dwa ak atant tou. Nou te bay lis dwa, responsablite ak atant sa yo isit la pou ede w prepare pou sèvis nou yo:

- CCKids ofri bon jan kalite sèvis, epi se responsablite nou pou ede w jwenn randevou ak aktivite ki itil pou atenn objektif plan ka w yo. Nou pral fè efò pou nou fè sèvis yo osi aksesib ak konvenyan ke posib.
- Se responsablite nou tou pou nou pwoteje vi prive ak konfidansyalite w eksepte lè lalwa egzije sa si yo sispèk abi oswa neglijan.
- Nou responsab pou enplike w nan devlopman plan ka w la. Sa vle di nou pral enkli w nan pwosesis la e konsidere opinyon w ak respè.
- Nou responsab pou nou anboche anplwaye ki kalifye epi pou bay sèvis nan bildig ki gen sekirite e ki pwòp.
- Tout anplwaye Communities Connected for Kids gen obligasyon dapre lalwa pou rapòte si yo sispèk abi sou timoun oswa abi sou granmoun aje.
- Nou responsab pou nou bay yon anviwonman an sekirite pou anplwaye nou yo, moun kap

bay swen yo, fanmi yo, timoun yo ak OU menm.


- CCKids pa itilize fason restriktif tankou izolasyon, mare timoun, kembe timoun ak aparèy mekanik, ak fèmèn timoun pou jere konpòtman timoun nan. Olye de fason sa yo, nou itilize ranfòsman pozitif, de-eskalasyon vèbal, ak Kontra Sekirite pou Fanmi (Family Safety Contracts) ki swiv egzijans regilatwa federal, eta ak lokal legal.
- Si nenpòt nan pèsonèl nou yo sispèk ke ou se yon danje pou pwòp tèt ou oswa pou lòt moun, anplwaye sa a dwe :
 - Konsilte ak yon pwofesyonèl sante mantal, epi nan sèten ka menm rele 911 pou èd.
 - Si sa posib, nap enfòmè fanmi w oswa nenpòt moun nou santi ki ka an danje.
 - Pèsonèl la resevwa lòd tou pou yo rele lapolis si yo kwè ke sitiyasyon an pa ka rezoud.
 - Pèsonèl la dwe bay lapolis ak/oswa pwofesyonèl sante mental yo enfòmasyon ke yo bezwen pou yo rezoud sitiyasyon danje a ; epi dokimante ensidan an.

ASISTANS POU KOMINIKASYON

Li enpòtan pou gen yon opòtinite egal pou jwenn aksè ak benefis sèvis CCKids yo. CCKids va fè aranjman rezonab si ou bezwen èd akòz pwoblèm sansoryèl, manyèl oswa pou pale, oswa si Angle w limite.

Èd oksilyè pou kliyan ki gen andikap sansoryèl yo ka gen ladan:

- Telefòn anplifye ak lòt aparèy ak sistèm asistans pou koute, tankou Pocket Talker;
- TDD/TYY – Telefòn tèks yo itilize tankou yon machin pou ekri moun ki soud, mal pou tande oswa ki pa pale byen.
- Florida Relay Service (FRS) – Yon sèvis ki pèmèt yon moun ki tande, kominike ak yon moun ki gen pwoblèm tande byen oswa pale byen atravè yon operatè antrene ki rele yon asistan kominikasyon;
- Sèvis Bray, Gwo Lèt, Kasèt, ak Sèvis tradiksyon
- Entètèprèt nan Lang Siy Ameriken, moun kap pran nòt ak moun kap li.



Men sa ke ou ka atann nam men anplwaye nou yo ak founisè rezo yo anrapò ak èd oksilyè:

- Pèsonèl yo pral travay avèk ou pou evalye bezwen w ak fòm kominikasyon w. Moun ki gen pwoblèm pou tande ak moun ki pa gen anpil Angle gen dwa pou yo genyen yon entèprèt ki kalifye. Nou dekouraje itilizasyon fanmi ak zanmi kòm entèprèt pou evite violasyon nan kominikasyon.
- Pandan premye evalyasyon sou bezwen w yo, yap enfòme w de disponibilite èd oksilyè yo, ke nou ap ba ou a pri pa nou. Ou menm ak responsab ka w la va pale ansanm pou deside ki èd oksilyè kap pi bon pou ou.
- Afich ki bay lis disponibilite èd oksilyè yo afiche nan sant sèvis yo.



KONFIDANSYALITE ENFÒMASYON KLIYAN

Nou pap divilge okenn nan enfòmasyon w yo, oswa enfòmasyon sou fanmi w oswa lòt pati ki enpòtan, san konsantman w alekri. Tout dosye kliyan yo pral okipe ak anpil atansyon, epi tout dosye elektwonik yo ap satisfè nòm sekirite yo pou asire konfidansyalite kliyan yo. Tout dosye sou kliyan konsidere kòm pwopriyete ajans lan.

Bezwen konnen

Nou ap pataje enfòmasyon w baze sou bezwen konnen sèlman. Sa vle di ke nou pap janm itilize oswa pataje enfòmasyon w deyò responsablite ak devwa travay la. Si yon moun andeyò règ sa yo ta apwoche nou pou jwen enfòmasyon pèsònèl ou, pèsònèl nou yo ap dirije moun sa a bay anplwaye ki apwopriye a.

Detay sou ka w la pap janm diskite nan kote piblik. Okontrè pèsònèl nou yo ap itilize anpil prekosyon lè yap diskite ka w la, ak lè yap pataje enfòmasyon sèlman nan yon kote ki an sekirite.

Volontè CCKids yo tou ap sou règ baz bezwen konnen e ap toujou sou sipèvizyon yon anplwaye. Sèl enfòmasyon ki gen pou wè ak travay yon volontè ke pèsònèl va pataje avè l. Pa egzanp yon volontè kap bay timoun lesou ka konnen timoun nan gen difikilte nan pèfòmans lekòl li. Sepandan, menm volontè sa a pa dwe konnen enfòmasyon sou, fanmi w, sitiyasyon ka w la, oswa pwoblèm ki mennen fanmi w sou sipèvizyon ajans lan.

Finalman, paran akèy yo ka pataje sèlman enfòmasyon ki nesèsè yo konnen ak lòt paran akèy. Tout anplwaye CCKids, founisè, volontè ak moun kap bay swen yo pral resevwa fòmasyon sou konfidansyalite ak stand etik.

Kondisyon espesyal ki gen rapò ak dosye VIH/SIDA


Pwosedi sa yo apolike pou dosye VIH/SIDA ak aksè enfòmasyon :

- Naratif ka tamoun nan pa paral fè referans a enfeksyon VIH oswa SIDA
- Nap divilge kondisyon medikal yon timoun bay moun kap pran swen yo, men yo pral pataje non timoun nan sèman lè plasman an.
- CCKids ap bay moun kap okipe timoun nan istwa medikal konplè yon fwa ke yo plase timoun nan. Enfòmasyon sa yo pral kenbe nan konfidansyalite strik epi ap pataje sèlman ak pwofesyonèl swen sante yo.
- Doktè a dwe bay dokiman medikal ki nesèsè pou enskripsyon nan lekòl la separeman epi yo pa dwe gen okenn referans sou sitiyasyon VIH/SIDA timoun nan.
- Nap kenbe tout enfòmasyon sou VIH/SIDA nan yon anvlòp ki itilize pou pwoteje enfòmasyon ki sansib sou ka yo. Moun kap pran swen timoun nan, paran natirèl ak/oswa gadyen legal yo ap gen aksè a enfòmasyon sa yo yon fwa ke yo plase timoun nan.
- Nou pa klase dosye ka yo nan okenn fason ki ta pèmèt yo idantifye yo kòm dosye timoun ki enfekte ak VIH/SIDA.

AVI SOU RÈG KONFIDANSYALITE

Lwa sou Transfè ak Responsablite Asirans Sante – HIPAA

Efòmasyon medikal ou yo pwoteje pa lwa federal dapre Lwa Sou Transfè ak Responsabilite Asirans Sante (HIPAA).



CCKids pral konfòme yo ak tout lwa federal ak eta konsènan konfidansyalite medikal, tankou eta sante w, kondisyon medikal, eksperyans reklamasyon, si ou resvwa swen pou sante, istwa medikal, enfòmasyon jenetik, ak prèv asirans ak andikap.

- **Tretman ak Peman :** Nou pral itilize oswa pataje enfòmasyon ou yo ak pwofesyonèl medikal yon fason pou nou kowòdone swen sante w. Menm jan an tou, nou pral pataje enfòmasyon sante ki pwoteje ak konpayi asirans yo, ajan koleksyon yo ak ajans rapò konsamatè yo pou nou ka resevwa peman pou sèvis yo.
- **Operasyon bizinis :** Nou gendwa itilize enfòmasyon sante ki pwoteje tou pandan lè nòmal biznis. Sa ka vle di itilize enfòmasyon ou yo pou evalye kapasite yon moun kap bay swen pou pran swen ou, sèvi ak yo kòm yon zouti fòmasyon pou elèv kap bay swen yo, oswa itilize yo pou rezoud doleyans.
- **Moun ki enplike nan Swen W :** Nou ka pataje enfòmasyon sante w ki pwoteje ak yon fanmi, zanmi pèsònèl oswa nenpòt moun ki enplike nan ka w sèlman si ou te siyen yon fòm konsantman pou divilgasyon enfòmasyon. Si ou se yon minè,

- CCKids gen dwa pataje enfòmasyon sante w ki pwoteje ak yon paran, gadyen oswa lòt moun ki responsab pou ou eksepte nan sèten sikonstans.
- Lalwa egzije pou nou rapòte abi oswa neglijan sou timoun bay Depatman Timoun ak Fanmi Florid (Florida Department of Children and Family).
- CCKids ka divilge enfòmasyon pwoteje sous sante w san konsantman w lè lalwa egzije sa nan sèten sikonstans tankou ankèt lapolis ak ankèt jidisyè, ak menas grav sou sante ak sekirite piblik.
- **Otorizasyon**
 Apre itilizasyon ak sa ki pataje anwo a, CCKids pap itilize oswa pataje enfòmasyon sante pwoteje w san yon pèmisyon ki siyen. Menm jan an tou, nou pap pataje enfòmasyon sous sante pwoteje pitit ou yo san konsantman ki siyen.
- Ou ka anile pèmisyon w pita lè w ekri nou yon lèt ki anile pèmisyon w nan sèten ka, òdonans tribinal ak plan ka a ka mande pou nou pataje enfòmasyon ak tribinal la ak lòt pati nan ka a (egzanp : Biwo Guardian ad Litem)

ENFOMASYON SANTE PWOTEJE KONNEN DWA W

Ou gen dwa pou jwenn yon kopi enfòmasyon sante pwoteje (PHI). Pou wè oswa resevwa yon kopi PHI ou, oswa pou mande nenpòt chanjman nan enfòmasyon w, ou dwe fè yon demann alekri oswa ranpli Fòm Demann Dosye CCKids la. Ou ka jwenn sa a nan www.cckids.net, anba resous ; resous pou jesyon ka.

Ansyen dosye yo ka pran kèk tan pou yo retire yo nan depo. CCKids ka refize demann ou an nan sèten sitiyasyon men yo ap eksplike pou kisa alekri epi fè w w konnen si w gen dwa pou yon lòt moun revize desizyon nou an.

Ou gen dwa pou mande CCKids modifye PHI ou si ou kwè enfòmasyon pèsonel nou yo te ranpli yo pa kòrèk oswa konplè.

Nan sèten sitiyasyon nou ka refize demann ou an. Si CCKids refize demann ou an, na va eksplike pou kisa alekri. Wap gen yon chans pou voye yon deklarasyon ban nou ki eksplike pou ki sa ou pa dakò ak desizyon nou an. Yap note deklarasyon w lan epi yap pataje l ak nenpòt kote ki itilize enfòmasyon w yo.

Ou gen dwa pou konnen ki moun ki te wè enfòmasyon w yo. Si ou mande sa, CCKids ap ba w yon lis moun ak òganizasyon ke nou te pataje

enfòmasyon w yo avèk yo nan sis dènye ane ki pase yo. Ou ka fè demann lan lè w voye yon lèt oswa ranpli Fòm Demann Dosye CCKids la (CCKids Request Form). Tanpri konnen ke CCKids ka fè w peye yon frè pou kouvri depans pou preparasyon lis la.

Ou ka mande CCKids pou limite itilizasyon ak pataj enfòmasyon sante pwoteje w, (PHI), pou tretman, peman ak operasyon swen sante. Communities Connected for Kids pa oblije dakò ak demann ou an.

Ou gen dwa change enfòmasyon kontak ou. Si w ta renmen yo kontakte w pa yon lòt metòd oswa nan yon lòt kote, tanpri voye yon demann alekri bay manadjè ka w la.

PWOSEDI PLENT KONSOMATÈ

Ou gen dwa depoze yon plent dapre pwosedì pou pote plent ki dekri anba a. Communities Connected for Kids ap reponn a plent yo endividyèlman, alè epi avèk respè.



PWOSESIS PLENT

Men sa ou ka espere lè ou depoze yon plent atravè Pwosedì Plent Konsomatè CCKids la:

1. Premye etap la lè yon konfli oswa yon divèjans opinyon rive se kontakte responsab dosye w la. Sa a se yon etap enfòmèl, men plent ou a pral dokimante. Si ou pa gen nimewo telefòn responsab ka w la, rele (772) 873-7800 oswa ranpli fòm ki disponib la isit la: <https://cckids.net/foster-parents/upcoming-classes/parent-family-dependency-contact/>
2. Si enkyetid ou yo pa jwenn repons pou satisfaksyon ou, pwochen etap la se pale ak sipèvizè responsab dosye a. Responsab dosye w la ap ba ou non ak enfòmasyon pou kontakte sipèvizè ki apwopriye a. Si sipèvizè a pa kapab rezoud pwoblèm nan, li ap ba w non ak enfòmasyon kontak direktè pwogram nan. Rele (772) 873-7800 pou jwenn enfòmasyon pou kontakte sipèvizè a.
3. Pafwa, li ka nesèsè pou enplike jesyon CCKids la. Sa a se pwochen etap la si plent ou a pa kapab rezoud nan nivo jesyon ka a. Direktè pwogram nan ap ba w kontak manm ekip jesyon CCKids ki apwopriye a. Rele (772) 873-7800.
4. Ou gen yon dènye opsyon si ou te pase nan etap anvan yo epi ou toujou pa satisfè. Direktè Egzekitif nou an se otorite final la sou tout dezakò. Direktè Egzekitif la ap revize tout done yo epi li ap pran yon desizyon final sou plent lan nan espas senk (5) jou apre li resevwa demann revizyon an. Rele (772) 873-7800.

DWA CIVIL

Ou gen dwa tou pou pote plent deyò CCKids:

1. Liy dirèk konfòmite: Ou ka rapòte enkyetid oswa plent ou yo an konfidans atravè Liy Dirèk Konfòmite a lè w rele 1-855-662-SAFE (1-855-662-7233) oubyen lè w vizite www.safeline.com. Ou ka soumèt rapò sou entènèt lè w chwazi "Soumèt yon rapò". Lè w ap fè yon rapò, tanpri itilize nimewo ID Konpayi CCKids ki se 5733737145, ki nesesè pou asire rapò a byen dirije.

2. Ou ka depoze yon plent alekri nan 180 jou epi voye l pa lapòs nan adrès sa a:

**Assistant Staff Director for Civil Rights
DCF Office of Inspector General/Office of Civil Rights
1317 Winewood Boulevard
Building 1, Room 110
Tallahassee, Florida 32399-0700
(850) 487-1901;TDD (850) 922-9220**

**U.S Department of Health and Human Services
Attention: Office of Civil Rights
Sam Nunn Atlanta Federal Center, Suite 16T70 61,
Forsyth Street, S.W.
Atlanta, Georgia 30303-8909
(404) 562-7886;TDD (404) 562-7884**

FWÒD, GASPIYAJ AK ABI

Nimewo sa yo se pou rapòte fwòd, gaspiyaj ak abi sèvis Medicaid yo:

Biwo Entegrite Pwogram Medicaid Florid la: 1-850-412-4600

Fòm Plent: <https://ahca.myflorida.com/contact-ahca/file-a-complaint>

Liy dirèk Konfòmite Sunshine Health nan 1-800-345-1642 oswa

Liy dirèk anonim ak konfidansyèl Sunshine Health la nan

1-866-685-8664

POU JÈN AK JÈN ADILT

Si ou se yon jèn oswa yon jèn adilt nan sistèm swen pou moun ki depanndan nan Florid epi ou gen yon enkyetid konsènan plasman ou, swen ou, oswa sèvis yo, ou gen dwa kontakte Ombudsman Timoun Florid la. Ombudsman an se yon resous endepandan ki travay an konfidansyalite. Li koute enkyetid ou yo, ede eksplike règleman oswa pwosedi yo, epi resevwa plent san okenn risk vanjans.

Ou ka kontakte Biwo Ombudsman Timoun yo nan:

(850) 717-4199, Opsyon 4

dcf.ombudsman@myflfamilies.com

Menm si yo pwoteje konfidansyalite a otan lalwa pèmèt, Ombudsman an ka pataje enfòmasyon si sa nesèsè pou adrese pwoblèm nan oswa pou asire sekirite yon moun.

SUPPORT ALONG THE WAY

EChak pakou gen defi pa l, epi ou pa oblije fè fas ak yo poukont ou.

CCKids yo la pou sipòte timoun, jèn ak fanmi yo avèk konsèy, ankourajman ak aksè a resous lè yo pi bezwen yo. Si ou gen kesyon oswa ou bezwen èd nan nenpòt ki moman, sipò a disponib pou ou.

Eskane kòd QR la pou jwenn enfòmasyon ou ka fè konfyans ak koneksyon ak resous nenpòt lè ou pare.



PAJ SIYATI



Lè mwen siyen paj sa a, mwen rekonèt ke mwen resevwa e li manyèl pou konsomatè sa a, ki te enfòm m sou dwa ak responsablite m yo ak pa Communities Connected for Kids yo.

Non _____ Dat _____

Siyati _____